

*Akeyi Tout Fòs Nou: Koman Pou Kore Fanmi Imigran nan Chak Eta Etazini se yon pwojè an de tranch. Se imigran ki kreye epi jere li. Atravè rekòmandasyon politik onivo chak eta, pwojè sa a reponn ak bezwen fanmi imigran ki san papye oubyen ki gen kèk moun nan fanmi an ki san papye. Pwojè a gen de gwo pati:*

### **Vwa nou, politik nou: Rekòmandasyon Paran ki Imigran**

Next100 (*Pwochenn100*) ak Haitian Bridge Alliance (*Alyans Pon Ayisyen*), asosye avèk ImmSchools, te regwoupe paran ki imigran ki pale kreyòl oubyen panyòl, ki sòti nan fanmi san papye oubyen ki gen kèk moun nan fanmi an ki san papye, nan eta Kalifòni, Laflorid, Nouyòk, epi Teksas. Nou te vle myè konprann ki soutyen yo menm ak fanmi yo bezwen anndan eta sila yo, opwendevi kat kesyon kle: edikasyon, swen sante, ganypen, avèk sekirite. Kòm imigran sibi esklizyon sistematik, sitou sa ki san papye yo, vwa yo gen yon enpòtans total kapital pou nou pòte yon vrè chanjman epi pou n vizyonnen yon reyalite politik ki vrèman favorab pou imigran. Nou pwopoze yon chapant ki chita sou chita-pale sila yo. Chapant sa a ap sèvi kòm gid pou rekòmandasyon politik ki touche tout sijè nou te pale yo, epi k ap bay konsèy jeneral k ap pèmèt eta yo reponn ak bezwen fanmi imigran pi byen, alò pou pwoteje kapasite pitit imigran. Aprè tout chita-pale avèk paran yo, nou te soti yon rapò ki valorize fòs fanmi imigran, prezante ki defi fanmi sa yo afwonte, epi pataje rekòmandasyon pou reponn ak defi sa yo.

### **Trase Politik Etatik pou Soutni Fanmi Imigran**

Nan menm tan, Next100 te fè yon analiz an detay, nan chak eta, sou politik ki soutni fanmi ki san papye oubyen ki gen kèk moun ki san papye, sou menm kat kesyon (edikasyon, swen sante, ganypen, ak sekirite) pou n idantifye ki opòtinite ki egziste pou aksyon sistematik. Analiz sa a etidye si chak eta Etazini gentan adopte kenz politik ki jere onivo eta ("endèks politik"), epi li remake ki ti diferans ki genyen ant politik yo. Analiz la abouti nan yon kat jeyografik entèyaktif ki bay chak eta yon eskò ki chita sou enklizivite politik yo pou fanmi imigran, kelkèska estati imigrasyon yo.

Tout ansam, nou vizyonnen rapò sa yo kòm zouti pou defansè, moun k ap kreye politik, epi òganizasyon komunitè k ap lite pou sa nou konnen tout vwazinay nou yo merite, kelkèska estati imigrasyon yo. Next100 chwazi etidye politik etatik yo kòm yon egzèsis nan lespwa epi yon pratik nan reyalite. Gen [11 milyon imigran san papye](#) k ap viv epi k ap bay patisipasyon yo nan chak eta Etazini. Se yo ki pami travayè esansyèl ki nan premye liy k ap fè peyi nou an pouse devan pandan pandemi sa a. Yo leve yon pati enpòtan nan timoun peyi nou an. Yo gen yon enterè enpòtan nan lavni ak byennèt kominate yo – epi peyi nou. Poutan, anpil ladan yo aktyèlman pa gen okenn chimen pou vin sitizèn oubyen pou chanje estati imigrasyon yo, paske sa se yon bagay ki ka fèt sèlman onivo federal. Pandan twa deseni ki pase yo, chimen pou moun ki san papye vin sitizèn gentan pi jennen, pi limite, onivo federal, epi imigran ki san papye sibi

plis pèsekisyon epi gen plis chay ki mete sou do yo. Politik federal pa janm pran ka kominote imigran yo. Li nesèsè pou pwoblèm sa a rezoud, epi kèk pwopozisyon gouvènman Biden nan fè resaman renouvre lespwa sa a.

Sepandan, aksyon federal sou politik imigrasyon gen yon chemen devan li ki jalonnen avèk defi, epi pa gen anpil chans pou li rezoud tout pwoblèm. Fanmi imigran pa ka tann pou tout tan gen tan jiskaske lespwa sa a tounen yon reyalite. Politik afekte lavi imigran nan tout nivo, chak jou. Lavni yo depann sou si yo gen yon plas bò tab la nan solisyon politik gouvènman an mete sou pye pou okipe moun nan peyi nou a, oubyen si yo eskli epi efase nèt. Politik etatik gen yon efè konkrè sou yo chak jou, epi byennèt yo chita sou si politik sa a kouvri yo epi avanse yo pi devan, oubyen si li eskli yo, defavorize yo, epi mete yo sou kote.

**Trase yon pi bon chemen pou tout imigran ka jwenn pwogram ak sèvis ki esansyèl, kelkèswa estati imigrasyon yo, se yon bagay ki posib nan tout eta.** Li kòmanse nan konprann ijans chanjman, ki chita sou sa moun ki san papye yo viv chak jou, epi sou priyorite moun sila yo. Fòk li panche sou sa lòt eta reyalize deja. Makònennen de bagay sa yo -- priyorite fanmi imigran yo, avèk konesans sou enfrastrikti politik ki kapab e ki dwe soutni yo -- se koman nou pral pouse pi devan pou n fè yon pwogrè ki korèk. Li lè, li tan pou akeyi tout fòs nou. Fòs sa a gen ladan li tout fanmi imigran nou yo. Istwa nou ak lavni nou, yo makònennen ansanm. Fòk tout moun gen aksè ak edikasyon, sante, ganypen, ak sekirite pou asire ke chak moun kapab atenn kapasite total li. Ansanm nou pi fò.

---

## **Rekòmandasyon pou politik etatik ki soutni moun, ki chita sou opinyon paran epi sou analiz politik etatik, gen ladan yo:**

### **Edikasyon**

- *Rekòmandasyon politik:*
  - Eta yo dwe laji aksè pou pèmèt kandida ki kalifye jwenn sètifikasyon pwofesyonèl kelkèswa estati imigrasyon yo
  - Fòk eta yo demantle tout baliz k ap anpeche jèn ki san papye yo jwenn edikasyon siperyè. Sa konte: adopte politik pou ekolaj vin pi ekitab, politik èd finansyè ki administre onivo eta, epi preparasyon sifizan k ap pèmèt anseyan kore etidyan pou yo konprann ki opsyon yo genyen pou edikasyon siperyè, kelkèswa estati imigrasyon yo.
  - Eta dwe envesti pou devlope yon fòs travay ki divès onivo kilti, lang, ak ras. Fòk yo egzije tout pwogram preparasyon anseyan epi obligasyon developman pwofesyonèl prepare anseyan pou yo sèvi pitit imigran.
  - *Rekòmandasyon pandan peryòd pandemi COVID-19 la:* Fòk eta yo mete etidyan ki vilnerab yo an priyorite. Sa vle di etidyan k ap aprann lang anglè epi timoun ki sòti nan fanmi imigran. Fòk yo pwoteje finansman ki reponn ak defi patikilye etidyan ki vilnerab sa yo awfonte.

### **Swen sante:**

- *Rekòmandasyon politik:*

- Eta yo dwe rann swen sante, ki gen ladan li sipò sante mantal, aksesib pou tout granmoun ak timoun ka jwenn li, kelkèswa estati imigrasyon li.
- Eta yo dwe egzije tout moun ki bay swen sante jwenn fòmasyon sou koman fanmi ki san papye, oubyen fanmi ki gen kèk moun ki san papye, kapab jwenn prestasyon swen sante; koman lalwa federal yo (pa egzanp lalwa sou chaj piblik) kapab akefte aksè; epi lanse kanpay pou enfòme moun ki ka afekte.
- *Rekòmandasyon pandan peryòd pandemi COVID-19 la:* Eta yo dwe egzije pwogram dijans Medicaid kouvri swen pou kelkèswa maladi oubyen kondisyon ki liye avèk COVID-19, epi agrandi manda a pou asire ke vaksen COVID-19 lan disponib pou tout moun, kelkèswa estati imigrasyon li. Yo dwe jere kanpay pou asire ke tout moun k ap bay swen sante konprann kritè elijibilite yo epi wete tout obstak k ap anpeche moun jwenn sèvis sa yo.

#### **Ganypen:**

- *Rekòmandasyon politik:*
  - Eta yo dwe kreye yon enstans etatik ki pou kore sèvis ki pi bon pou kominate imigran an, epi k ap kouvri imigran nan divès politik oubyen pwogram, kelkèswa estati imigrasyon yo
  - Eta yo dwe pwoteje tout ouvriye pou yo pa sibi diskriminasyon nan travay yo epi pwoteje yo kont patwon ki pa peye yo sa yo dwe yo.
  - Fòk eta yo rann disponib lisans kondwi ak kat idantite ki pwoteje konfidansyalite pou tout moun k ap viv nan eta sa a, kelkèswa estati imigrasyon li.
  - Eta yo dwe pwomouvwa sèvis finansye elaji pou tout dividi, kelkèswa estati imigrasyon li.
  - Eta yo dwe entèdi patwon sèvi avèk pwogram "E-Verify" obligatwaman, epi fòk yo limite izaj pwogram sa a an jeneral.
  - *Rekòmandasyon pandan peryòd pandemi COVID-19 la:* Eta yo dwe asire ke tout pwogram èd pou pandemi a kouvri tout moun k ap viv anndan eta sa yo, kelkèswa estati imigrasyon yo. Fòk yo asire ke tout enstans k ap founi sèvis konprann kritè elijibilite yo epi wete tout obstak k ap anpeche moun jwenn sèvis sa yo. Fòk yo lonje men bay èd ekonomik dijans bay tout moun yo mete atè nan pwogram èd federal yo.

#### **Sekirite:**

- *Rekòmandasyon politik:*
  - Eta yo dwe mete yon pwogram reprezentasyon invèsèl sou pye pou asire ke imigran gen aksè ak yon avoka lè yo konvoke devan tribunal imigrasyon.
  - Eta yo dwe entèdi fòs lapolis lokal kolabore avèk otorite imigrasyon yo, epi yo dwe pwoteje konfidansyalite tout done pèsonèl imigran yo
  - Eta yo dwe pase men sou lalwa ki konsène jijman pou delenkans pou asire ke imigran yo pa jwenn pinisyon ki diferan pase sa lòt moun jwenn
  - *Rekòmandasyon pandan peryòd pandemi COVID-19 la:* Fòk eta yo sispann voye moun bay otorite imigrasyon yo (ICE)

#### **Politik ki chita sou ekite -- Pwoteje kapasite imigran**

- *Rekòmandasyon politik:*
  - Anplis pwopozisyon politik espesifik, chak eta -- ki gen byennèt imigran yo nan men yo, nan plizyè nivo -- dwe kreye pwosesis ak sistèm afimatif pou asire enterè

imigran yo pwoteje. An patikilye, eta yo dwe fasilité lidèchip ak aplikasyon politik ki byen kowòdone epi reprezentatif, mete jistis rasyal an priyrite, epi ankouraje yon atmosfè ki akeyan, nan konsiltasyon avèk moun ki gen enterè ki pi afekte yo.

## Remèsiman

Anvan tout, nou gen yon gwo dèt anvè paran imigran kouraje ki louvri kè yo epi pataje sajès yo avèk nou. Nan yon milye kote li pa fasil fè lòt moun konfyans, nou te fè nou konfyans avèk ekperyans lavi nou epi lide nou pou lavni. Se vwa ak patisipasyon nou menm imigran yo ki fè nou menm nan Next100 pi djanm. San ou, pa gen nou.

Pou kanmarad ki pòte kole avèk nou: Wololoy! San nou, anyen pa ta posib.

[Haitian Bridge Alliance](#), kolaborasyon nou, souplès nou, ak angajman nou pou reyalize pwojè sa a jiskobou se yon bagay ki pa gen pri. Fòk tout moun chita sou ban lekòl nou pou n aprann sa solidarite vle di. Fòk nou tout aprann ke angajman pou reprezante divèsite istwa kominate imigran nou an epi pou lanse yon apèl pou jistis rasyal ki klè kou dlo kòk pandan n ap fè travay la se pa sèlman yon bagay ki posib, li nesèsè tou. Mèsi [ImmSchools](#) dèské nou akeyi pwojè sa a epi pataje kòkòday djanm nou te deja genyen avèk fanmi yo, pou pèmèt nou dyalòge sou ki jan pou afekte politik eta yo. Mèsi dèské nou pa gen pè pou kreye espas kote etidyan ki san papye avèk fanmi yo ka santi yo an sekirite. [Respond Crisis Translation](#), mèsi pou travay kapital nou fè sou aksè lengswistik. Akòz nou menm, fwi pwojè sa a aksesib pou publik orijinal n ap vize a -- paran ki imigran -- an tan reyèl.

Next100 ak The Century Foundation (*Fondasyon Syèk La*), gade yon tèt ansanm. Mèsi pou tout echanj, pou tout lè san konte nou fè pou ba nou reyakson konstaman, epi pou tout enèji nou depanse nan soutni pwojè sa a epi pou fè l vini yon reyalite. Ekip redaksyon TCF la, ekip komunikasyon TCF la, Conor ak Dan, mèsi pou pasyans nou pandan m t ap jwenn priz la epi pou jan nou gen zèl nan pye. Emma, mèsi dèské ou fè nou konfyans.

Apa patnè ofisyèl nou yo, anpil konbatan pou jistis sosyal alawonbadè te patisce nan moulen travay sa a. Logan Casey avèk Movement Advancement Project (*Pwojè Avansman Mouvman*) te itil nou anpil atravè ekspètiz yo genyen pandan yon deseni y ap travay sou peyizaj politik pou moun LGBTQ atravè pwojè Equality Maps (*Kat Egalite*) la. Nan Center for Law and Social Policy (*Sant pou Lalwa ak Politik Sosyal*), Wendy Cervantes, Vanessa Meraz, ak Rosa Garcia te pataje reyasyon pwofon avèk nou konsènan endèks ki afekte fanmi imigran epi pou prezante nou bay lòt ekspè. Yo kreye estrikti pou fè yon enpak kolektif atravè Children Thrive Action Network (*Rezo Aksyon pou Timoun ka Viv Byen*), ki nesèsè pou ankadre epi fè pwogrè sou travay pou asire ke timoun ki imigran avèk fanmi yo pa trete kòm nenpòteki. Tatyana Kleyn nan CUNY IIE te fouye zo nan kalalou nan endèks yo epi pataje pèspèktiv li yo sou kote nou te ka ale pi lwen epi sa nou te bezwen pou fouye pi fon nan ekspètiz li pou asire ke anseyan yo pare pou soutni etidyan ki imigran ansanm avèk fanmi yo. Hamutal Bernstein ak Cary Lou nan Urban Institute (*Enstiti Iben*), Heather Koball ak Joe Stinson nan National Center for Children in Poverty (*Sant Nasyonal pou Timoun ki Pòv*), David Kallick nan Fiscal Policy Institute (*Enstiti Politik Fiscal*), Erica Williams ak Eric Figueroa nan Center for Budget and Policy Priorities (*Sant pou Priyrite Bidjètè ak Politik*), Tanya Broder nan National Immigration Law Center (*Sant Nasyonal Lalwa Imigrasyon*), Nicole Svajlenka nan Center for American Progress (*Sant pou Pwogrè Ameriken*), epi Daniela Alulema nan Center for Migration Studies (*Sant pou Etid sou Migrasyon*), pamí anpil lòt moun, konsakre dèzane rechèch sou politik k ap afekte imigran epi fason imigran konn

patisipe nan kominote yo. Mèsi pou jenewozite nou nan tout brase-lide nou fè yo, epi pou jan travay nou se yon limyè k ap klere pou tout moun.

Mèsi a mouvman jèn imigran san papye yo. Se yo ki aprann mwen anpremye vwa mwen gen enpòtans, epi ki fè m konprann poukisa li enpòtan lonje men pataje konviksyon sa a avèk lòt moun. An patikilye, New York State Youth Leadership Council (*Konsèy Lidèship Jèn Yo nan Eta Nouyòk*), Momentum Alliance (*Alyans Dinamis*), UndocuBlack, ak United We Dream (*Nou Reve Ansanm*), nou tout kontinye ban m enspirasyon, nan jan nou konteste istwa ki pa itil; revandike diyite, jistis, ak enklizyon pou kominote san papye nou a; epi lite pou nou toujou gen plis espas bò tab la pou angajman siyifikatif.

—Rosario